

Bluebird Kids Health

Règleman sou Vaksinasyon Timoun yo

Nan Bluebird Kids, misyon nou se bay swen eksepsyonèl pou chak timoun ka pwospere. Kenbe timoun yo an sante ak an sekirite se pi gwo priyorite nou, epi vaksinasyon se youn nan pi bon fason pou pwoteje pitit ou kont maladi grav. Vaksen yo ede pwoteje kominote nou an tou, sitou moun ki pi an risk yo, tankou tibebe ak timoun ki gen maladi kwonik.

Nou rekòmande pou tout timoun yo resevwa tout kalandriye vaksen yo jan Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) a dekri sa. Vaksen sa yo sipòte atravè plizyè dizèn ane prèv syantifik ki pwouve yo an sekirite epi efikas nan prevansyon maladi ki menase lavi. Nou konprann ou ka gen kesyon sou vaksen yo - epi nou toujou disponib pou ba ou enfòmasyon epi diskite sou nenpòt enkyetid.

Objektif nou se pou chak timoun ki anba swen nou an pran tout vaksen. Nan sitiyasyon ki ra, nou ka konsidere eksepsyon ka pa ka. Egzanp, si yon timoun gen yon alèji ki dokimante ak yon engredyan nan vaksen an, yo ka bezwen yon lòt apwòch. Nan ka sa yo, klinisyen nou yo ap travay an kolaborasyon ak fanmi yo pou asire pi bon swen pou timoun nan.

Lè w vaksinen pitit ou a, w ap pwoteje sante li epi w ap ede kreye yon kominote ki pi an sekirite e ki pi an sante. Si ou deside pou pa suiv rekòmandasyon nou yo pou vaksinasyon an, nou respekte chwa ou pou chèche swen nan yon lòt pratik pedyatrik ki pi byen koresponn ak preferans ou yo.

Si ou gen kesyon sou règleman vaksen nou an, ekip nou an la pou ede ou—tanpri pa ezite poze kesyon pandan pwochen vizit ou a.

Resous sijere:

Healthy Children: www.healthychildren.org

Vaccines for Your Children: www.cdc.gov/vaccines-children